

Beth Israel Lahey Health

Vizit Videyo

Rankontre fas a fas atravè videyo epi resevwa swen nan men founisè BILH ou a lè w sèvi ak telefòn entèlijàn, tablèt oswa òdinatè w. Sèvis sa a fasil pou itiize, prive, an sekirite, epi konfòm ak lwa sou vi prive medikal Etazini yo.

Pandan yon vizit videyo, ou ka pale dirèkteman ak founisè swen sante w la sou sentòm yo, rezilta tèks yo, medikaman yo, plan tretman yo, ak swivi.


Ou dwe nan eta Massachusetts la oswa verifye ak founisè swen sante w la davans si w ap andeyò eta a pou vizit videyo w la.

Vizit videyo yo pa obligatwa. Ou ka toujou chwazi pou w fè yon vizit an pèsòn nan plas yon vizit videyo.

Kijan pou w rantre nan yon vizit videyo

Yon Semèn Anvan Vizit ou a

Ou pral resevwa yon notifikasyon pa imèl oswa pa tèks pou enskri alavans.




Klike bouton vèt “Pre-register online” (“Enskripsyon alavans sou entènèt”) la pou enskri anvan lè vizit ou a. Li pran sèlman kèk minit.

Asire ou gen yon aparèy ki gen yon kamera ak yon mikwofòn pou vizit videyo w la.

Jou Vizit Ou a


Ou pral resevwa yon notifikasyon pa imèl oswa pa tèks.



Klike bouton vèt la “Join Video Visit” (“Antre nan Vizit Videyo”)


10 minit anvan lè vizit ou a nan aparèy ou a ki gen yon kamera ak yon mikwofòn.

Sal atant Vizit Videyo a



✓ You're ready for your video call

Asire w opsyon kamera ak mikwofòn yo “aktive.” si yo pa vèt, jan yo montre pi wo a, klike sou sèk blan yo.



Ou ap konekte otomatikman lè founisè w la antre. Mèsi pou pasyans ou.

Lòt Moun Ki Ka nan Vizit Ou a

Yon entèprèt ap enkli si sa nesesè.

Si ou vle: Ou ka envite lòt moun tankou yon manm fanmi oswa yon moun k ap bay swen pèsònèl nan vizit la apati kont MyBILH Chart ou a.

 This is a video visit


 Monday January 27, 2025
9:00 AM EST

 [Add to calendar](#)

 Manage who will participate in this video visit
[View and invite participants](#) 

Pou envite lòt moun, ale nan seksyon **“Appointment Details” (“Detay Randevou”)** nan MyBILH Chart la.
Klike sou **“View and invite participants.” (“Gade epi envite patisipan yo.”)**

Envite ou a ap resevwa yonlwen emvityasyon pou vizit videyo ou avèk non depatman, founisè a, dat ak lè vizit ou a. Ou kapab tou mande founisè ou a envite lòt moun pou ou.



Èske w Gen Pwoblèm?

Bouton “Join video visit” (“Antre nan vizit videyo a”) pa fonksyone?

Ou ka toujou bezwen konplete enskripsyon alavans ou a.

Ou te resevwa plis pase yon lwen Pou menm vizit videyo a?

Sèvi ak lyen ki pi resan an.

Ou kapab tou antre nan vizit la apati MyBILH Chart.

Ale nan seksyon **“Visits” (“Vizit”)** epi klike sou **“Join Video Visit” (“Antre nan Vizit Videyo a.”)**

Pou plis èd, rele sipò MyBILH Chart nan **877-270-0370**.

Si ou bezwen repwograme randevou oswa si w ap tann plis pase 15 minit apre lè randevou ou a, tanpri rele biwo founisè w la.

Faktirasyon ak Peman pou Vizit Videyo

Vizit videyo yo faktire epi peye menm jan ak vizit biwo an pèsòn, pa asirans oswa peman pèsònèl. Ou responsab pou nenpòt kopeman ki aplikab ak sèvis anplis ki nesesè, tankou laboratwa oswa lòt tès. Tanpri kontakte depatman Sèvis Manm Konpayi asirans ou an pou plis detay sou kouvèti a.



Ou pa gen yon kont MyBILH Chart?

Sèvi ak kamera telefòn ou an pou eskane kòd QR la epi enskri jodi a.